

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè (SNAP) Gid pou Soumèt Dokiman

NÒT: Apati 29 out 2012, nenpòt referans nan Pwogram SNAP ki nan avi sa a vle di Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanchè [Supplemental Nutrition Assistance Program (SNAP)], epitou nenpòt referans nan SNAP dwe vle di avantaj SNAP.

Pou nou kapab detèmine si ou kalifye pou avantaj SNAP, nou bezwen ou ban nou dokiman ki pwouve faktè kalifikasyon pou SNAP ki endike anba la a. Dokiman nou sijere yo ak konsèy itil nan gid sa a ap ede ou ban nou prèv nou bezwen yo pou detèmine si ou kalifye pou SNAP.

Si nou detèmine ou kalifye pou SNAP dapre règ pou nou travay rapid sou aplikasyon yo, nou kapab ba ou yon avantaj SNAP menmsi ou verifiye idantite ou sèlman. Men, anvan nou kapab ba ou plis avantaj SNAP, ou dwe verifiye lòt faktè kalifikasyon pou tèt ou ak pou nenpòt lòt moun ki abite lakay ou.

Si ou aplike pou SNAP pa lapòs oswa nan faks, tanpri voye kopi dokiman ou yo ban nou pou ede nou detèmine si ou kalifye pou SNAP san pèdi tan.

Faktè Kalifikasyon	Dokiman nou Sijere pou Bay	Konsèy Itil
<p>Idantite</p> <p>Nou dwe detèmine epi jwenn dokiman idantite pou moun ki fè aplikasyon an.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • I.D. ki gen foto, Lisans Chofè • Paspò Ameriken • Sètifika Natiralizasyon • Dosye Lopital/Doktè • Papyè adopsyon • Batistè • Sètifika Batèm • Kat Enskripsyon Elektè 	<p>Nou kapab itilize nenpòt nan dokiman sa yo ki endike dat moun nan fèt pou verifiye laj li. Answit, nou kapab itilize tou yon Paspò Ameriken oswa yon Sètifika Natiralizasyon pou verifiye sitwayènte ou si nou mande ou prèv la.</p>
<p>Kay kote ou abite</p> <p>Dwe pwouve <u>chak</u> moun ki aplike pou avantaj SNAP ap viv nan adrès ki endike nan aplikasyon an.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dènye kontra lwaye kay • Dènye kontra lwaye kay ki endike non ak adrès lokatè a • Deklarasyon Mèt Kay la oswa Lokatè Prensipal la • Dosye Prè Ipotekè • Dosye Lekòl 	<p>Si yon deklarasyon Mèt Kay la oswa Lokatè Prensipal la bay lis tout moun ki nan kay la, nou kapab itilize li kòm dokiman ki montre kantite moun ki abite nan kay la.</p>
<p>Kantite Moun ki nan Kay la</p> <p>Ou dwe bay verifikasyon kantite moun k ap viv nan kay la.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Deklarasyon Mèt Kay ki pa Manm Fanmi ou Deklarasyon ki sòti nan Òganizasyon Kominotè • Deklarasyon Moun ki p ap viv nan kay la 	<p>Deklarasyon an ta dwe gen ladan non tout moun ki nan kay la epitou nou kapab itilize li pou pwouve adrès kote w ap viv la.</p>
<p>Laj</p> <p>Ou dwe bay verifikasyon laj pou <u>tout</u> moun ki aplike pou avantaj SNAP.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Batistè • Sètifika Batèm 	<p>Nou kapab itilize yon batistè tou pou detèmine epi sèvi ak li kòm dokiman idantite ak kondisyon sitwayènte ou.</p>
<p>Nimewo Sekirite Sosyal</p> <p>Ou dwe bay yon nimewo Sekirite Sosyal pou <u>chak</u> moun k ap viv lakay ou ki aplike pou avantaj SNAP, oswa prèv ki endike yon te aplike pou youn.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Kat Sekirite Sosyal • Korespondans ofisyèl ki sòti nan Administrasyon Sekirite Sosyal [Social Security Administration (SSA)] 	<p>Si ou ban nou nimewo Sekirite Sosyal pou chak moun ki lakay ou, ou pa bezwen bay yon kat Sekirite Sosyal.</p>

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemanè (SNAP) Gid pou Soumèt Dokiman

Faktè Kalifikasyon	Dokiman nou sijere pou Bay	Konsèy Itil
<p>Sitwayènte</p> <p>Ou dwe bay dokiman pou sitwayènte ou sèlman si nou gen dout sou sitwayènte ou.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Batistè • Dosye Lopital • Paspò Ameriken • Dosye Sèvis Militè • Sètifika Natiralizasyon 	<p>Nou kapab itilize tou batistè, dosye lopital, Paspò Ameriken ak Sètifika Natiralizasyon pou pwouve idantite ak laj ou.</p>
<p>Sitiyasyon Etranje</p> <p>Nou dwe jwenn dokiman sitiyasyon etranje pou moun ki pa sitwayen ameriken epi ki aplike pou avantaj SNAP.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dokiman USCIS (pa egzanp, yon grinkat, VIZA ki gen so ladan) • Prèv ki montre ou kontinye ap viv nan Etazini anvan 1ye janvyè 1972 	
<p>Revni ou Reyalize</p> <p>Si <u>nenpòt</u> nan moun lakay ou ki aplike pou avantaj SNAP ap travay, nou dwe jwenn dokiman pou salè brit (anvan nenpòt dediksyon), kantite fwa moun nan touche ak <u>kantite èdtan</u> li travay dwe.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dènye souch chèk peman • Anvlòp peman • Lèt patwon bay ki endike salè anvan dediksyon, kantite fwa ou touche, ak kantite èdtan ou te travay • Dènye deklarasyon taks sou revni • Si ou se yon travayè endepandan – dosye ak dokiman asosye ki konsène salè ak depans yo 	<p>Ou ta dwe verifye revni ou te resevwa nan dènye 30 jou yo.</p>
<p>Revni ou Touche san ou pa Travay</p> <p>Si <u>nenpòt</u> nan moun lakay ou ki aplike pou avantaj SNAP ap resevwa revni san li pa travay, nou dwe resevwa dokiman kalite revni an, kantite lajan an, ak kantite fwa moun nan touche lajan an.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Deklarasyon Tribinal ki okipe zafè Fanmi • Dènye Lèt Rekonpans • Korespondans Ofisyèl ki sòti nan SSA • Korespondans ofisyèl ki sòti nan Administrasyon Veteran • Dènye chèk oswa souch chèk peman avantaj • Etadkont labank oswa koperativ • Deklarasyon moun ki bay sipò • Etadkont Avantaj Asirans Chomaj [Unemployment Insurance Benefit (UIB)] 	<p>Si oumenm oswa yon moun lakay ou ap resevwa Revni Sekirite Anplis [Supplemental Security Income (SSI)], verifikasyon SSI a pa obligatwa.</p>
<p>Resous</p> <p>Resous yo pa afekte kalifikasyon pifò moun nan kay la ki aplike pou avantaj SNAP. Men, nou itilize kèk enfòmasyon sou resous la pou detèmine si ou kalifye pou nou travay rapid sou aplikasyon SNAP ou.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Dènye dosye labank oswa koperativ • Sètifika Aksyon/obligasyon • Etadkont enstitisyon finansye • Akò oswa papye anplasman pou kav • Papye kay ak/oswa evalyasyon kay • Asirans-Vi • Anrejistreman/tit veyikil 	<p>Si ou gen resous men ou pa byen konnen si yo nesèsè oswa si yo pa nesèsè pou verifye yo, bay verifikasyon an kanmenm. Si ou gen obligasyon pou verifye resous yo, nou p ap gen pou rete tann pou nou kapab pran yon desizyon sou kalifikasyon ou.</p>

Pwogram Asistans Nitrisyon Siplemantè (SNAP)
Gid pou Soumèt Dokiman

Depans ki ka afekte Kalifikasyon ou pou SNAP oswa kantite lajan avantaj ou

Si ou gen nenpòt nan depans ki endike anba la a, li enpòtan pou ou ban nou verifikasyon depans lan. Nan kèk ka, depans lan kapab fè ou kalifye sou plan finansye pou resevwa avantaj SNAP epi nan anpil lòt ka, li kapab vle di w ap resevwa plis avantaj SNAP.

Depans	Dokiman nou Sijere pou Bay	Konsèy Itil
Depans pou Abri ak/oswa pou Sèvis Piblik	<ul style="list-style-type: none"> • Dènye resi peman lwaye • Dènye kontra lwaye kay • Liv peman/dosye prè ipotekè • Dosye pwopriyete ak dosye taks • Deklarasyon mèt kay • Bòdwo Dlo ize ak dlo • Dosye asirans pwopriyete kay • Bòdwo gaz • Bòdwo sèvis piblik ki pa chofaj • Bòdwo telefòn 	Toutotan yon kay kapab detèmine si yo gen yon depans pou abri, n ap bay kredi pou peman lwaye/prè ipotekè ak/oswa sèvis piblik menmsi kay la p ap ajou avèk peman yo nan moman an.
Bòdwo Medikal Se <u>sèlman</u> pou <u>granmoun aje</u> oswa <u>moun andikape</u> ki fè depans sa a.	<ul style="list-style-type: none"> • Kopi bòdwo medikal (sa ki peye ak sa ki pa peye) • Deklarasyon Founisè prim Asirans Sante • Kat Medicare pou Medikaman sou Preskripsyon 	Sa gen pou wè ak depans medikal moun yo peye avèk lajan pòch yo. Pa mete dokiman pou nenpòt bòdwo moun ki pa nan kay la peye oswa sipoze peye.
Frè pou Swen Depandan/Lòt Depans	<ul style="list-style-type: none"> • Lòd Tribinal bay • Deklarasyon sant gadri oswa lòt founisè sèvis gadri • Deklarasyon oksilyè oswa asistan swen pèsònèl • Chèk anile oswa resi 	